# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–15 अप्रैल 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में एगो निजी कम्पनी क दस लाखवीं गाड़ी के फ्लैग ऑफ कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर श्री योगी कहलें कि ई कार्यक्रम खाली एगो इंडस्ट्रियल रिवोल्यूशन नाहीं हौ, बलुक ओह इतिहासिक उड़ान क लांच पैडो हौ, जवन 'नया उत्तर प्रदेश के ग्लोबल मैन्यूफैक्चरिंग हब' के रूप में स्थापित कइले में मील क पाथर साबित होई। उहां के कहलीं कि ई उड़ान रूके वाला नाहीं बा बलुक ई अउरियो बेसी ऊंचाई छूई।

***स्किल, इनोवेशन और टेक्नोलॉजी से जोडने के जिस अभियान को देश के यशस्वी प्रधानमंत्री श्री नरेन्द्र मोदी जी ने जो विजन हम सबको दिया है देशवासियों को दिया है आज यूपी उस स्केल को स्किल, इनोवेशन और टेक्नोलॉजी के साथ जोड़कर मार्केट रेडी एंड इंडस्ट्री रेडी वर्क फोर्स के रूप में आगे बढाने का कार्य कर रहा है।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के एगो निजी सिक्षण संस्थान में स्थापित सेंटर ऑफ एक्सीलेंस क उद्घाटन कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर श्री योगी कहलें कि ई सेंटर सिक्षा के क्षेत्र में मील क पाथर साबित होई।

***यह सेंटर ऑफ एक्सीलेंस न केवल वर्तमान की बल्कि भविष्य की उन आवश्यकताओं की पूर्ति करने में सहायक होगा जो आत्मनिर्भर भारत और विकसित भारत की प्रधानमंत्री जी की संकल्पना है और उनकी संकल्पना के अनुरूप आत्मनिर्भर और विकसित उत्तर प्रदेश को बनाने के लिए जो हम लोगों ने रोडमैप अपना तैयार किया है उस रोडमैप के लिए यह एक प्लेटफार्म का काम करेगा जहां पर आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस के साथ ही मशीन लर्निंग, डेटा साइंस, साइबर सिक्योरिटी, स्पेस टेक्नोलॉजी जैसे डिजिटल युग के मेजर पिलर्स पर विशेष फोकस करते हुए आज इस सेंटर ऑफ एक्सीलेंस का लोकार्पण किया जा रहा है।***

**********

सम्राट चौधरी के बिहार कै मुख्यमंत्री पद क सपथ लेवे बदे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सोसल मीडिया के जरिया से बधाई दिहले हवें। श्री चौधरी बिहार क मुख्यमंत्री बने वाला पहिला भाजपा नेता हवें। आजु दिन में पटना के लोकभवन में आयोजित समारोह में उहां के पद आ गोपनीयता क सपथ लिहलीं।

**********

नारी शक्ति वंदन अधिनियम से जुड़ल महत्वपूर्ण संवैधानिक संसोधन पर चरचा आ ओके पारित करावे बदे बिहने से संसद क सत्र सुरू हो रहल हौ। एके ले के पूरा देस में महिला लोगिन में उछाह क माहौल बा। पूर्व राष्ट्रपति प्रतिभा पाटिल, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के चिट्ठी लिखि के महिला आरक्षण पहल के प्रति आपन समरथन जतवले हइनि। प्रदेस के कई गो जिलनों में नारी शक्ति वंदन अधिनियम से जुड़ल अलगि–अलगि कार्यक्रम क आयोजन कइल जा रहल बा। येही कड़ी में बस्ती जिला में आजु स्कूटी रैली क आयोजन कइ के नारी शक्ति वंदन अधिनियम क समरथन कइल गइल। ओहीं, वाराणसी में काशी विद्यापीठ में छात्रा आ सिक्षको लोगि पदयात्रा निकारि के लोगिन के बिच्चे महिला ससक्तिकरण क सनेसा दिहलें।

**********

पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालय भरोसा दिहले हौ कि देस भर में पेट्रोल, डीजल आ एलपीजी क पुरहर भण्डार बा आ कउनहूं एलपीजी वितरण केन्द्र पर आपूर्ति में कउनों कमी क खबरि नाहीं हौ। पश्चिम एशिया संकट के बिच्चे पेट्रोलियम मंत्रालय में संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा आजु नई दिल्ली में मीडिया से बतियावत कहलिनि कि देस में सीएनजी परिवहनो सौ फीसदी सुनिस्चित कइल गइल हौ। उहां के कहलीं कि येह समय सहरी क्षेत्रन में एलपीजी बुकिंग अंतराल पचीस दिन बा ओहीं ग्रामीण क्षेत्रन में ई पैंतालीस दिन रक्खल गइल हौ।

***सीएनजी ट्रांसपोर्ट भी 100 प्रतिशत एंश्योर किया गया है। डोमेस्टिक रिफाइनरीज में एलपीजी प्रोडक्शन को इंक्रीज किया गया है और इसके इलावा बुकिंग इंटरवल को भी अर्बन एरिया में 25 दिन और रूरल एरिया में 45 दिन किया गया है। इस सप्लाइज के अफेक्ट होने की वजह से कमर्शियल सप्लाइज को, एलपीजी सप्लाइज को 70 प्रतिशत तक रिस्टोर किया गया है और यहाँ पर भी हॉस्पिटल, एजुकेशनल इंस्टीट्यूशंस को प्रायोरिटी किया गया। इसके इलावा कुछ इंडस्ट्रीज फार्मा, स्टील, ऑटोमोबाइल्स, सीड, एग्रीकल्चर आदि को भी प्रायोरिटी दी गयी है। 5 किलो के सिलेंडर्स की संख्या को डबल किया गया है और अल्टरनेट फ्यूल ऑप्शंस जैसे कि केरोसिन और कोल को भी ऑफर किया गया है।***

**********

इंडियन प्रीमियर लीग–आईपीएल क एगो महत्वपूर्ण मोकाबिला में आजु लखनऊ सुपर जाइंट्स क सामना रॉयल चैलेंजर्स बेंगलुरु के साथे होई। ई मैच अबसे कुछु देर बाद संझा साढ़े सात बजे से बैंगलुरु के एम चिन्नास्वामी स्टेडियम में होई।

**********